

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI JEUNG RÉKOMENDASI

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan anu judulan “Aspék Kapribadian Palaku dina Kumpulan Carpon *Sangkalakala* karya Cécép Burdansyah (Ulukan Struktural jeung Psikologi Humanistik)” miboga tujuan pikeun nganalisis struktur carita, aspék kapribadian palaku dumasar tiori psikologi humanistic, sarta faktor nu mangaruhan kapribadian palaku. Data dina ieu panalungtikan mangrupa kumpulan carpon *Sangkalakala* karya Cécép Burdansyah. Tiori nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta tiori strukturalisme Todorov jeung tiori psikologi humanistik Abraham Maslow. Méthode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta méthode déskriptif analisis kalayan pamarekan kualitatif. Téknik nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téknik talaah pustaka. Instrumén panalungtikan anu dipaké dina ieu panalungtikan aya patalina nyaéta tabél cutatan jeung kartu data analisis.

Struktur carita dina kumpulan carpon *Sangkalakala* kabagai jadi dua, di antarana: 1) aspék sintaksis (galur), jeung 2) aspék semantik (téma, tokoh, latar carita). Aspék sintaksis ngawengku urutan paristiwa atawa kajadian dina ieu carpon, nu ilaharna disebut galur. Dina ieu carpon, nganalisis galurna nyaéta ngaliwatan: a) analisis fungsi utama ku cara nganalisis *sekuén-sekuénna* (unsur pangleutikna dina ngawangun eusi carita), tuluy b) analisis gagasan inti atawa fungsi utama. Kapanggih aya sababaraha sekuén dina unggal carponna anu satuluyna dicindekkeun jadi fungsi utama dina unggal caritana.

Aspék semantik ngawengku téma, palaku, jeung latar. Téma dina masing-masing carpon téh béda-béda, aya nu kaasup kana téma mayor jeung aya téma minor. Téma mayor mangrupa inti tina sakabéh eusi carita dina masing-masing carpon. Sedengkeun téma minor salaku téma nu jadi tambahan, katitén ayana dina bagian-bagian carita nu aya di unggal carponna. Tokoh jeung panokohan dina unggal carponna gé béda-béda, aya nu jadi palaku utama jeung palaku tambahan, aya deui nu disebut palaku buleud jeung palaku basajan. Latar nu aya dina unggal carpon ogé béda-béda, rata-rata latar nu kapanggih tina tujuh judul carpon

Sangkakala ngagambarkeun kahirupan di kota jeung di lembur atawa pasisian. Aya ogé latar sosial anu ngawengku status jeung kalungguhan palaku dina kahirupan sosialna.

Analisis aspék kapribadian palaku dumasar tingkatan pangabutuh dasar manusa nyaéta: a) pangabutuh fisiologis, b) pangabutuh kana rasa aman, c) pangabutuh kana rasa cinta, d) pangabutuh kana pangajén (harga diri), e) pangabutuh kana aktualisasi diri. Aspék kapribadian palaku anu nyangkaruk dina buku kumpula carpon *Sangkakala* ditalungtik ku cara niténan sikep, paripolah, kutipan carita jeung paguneman atawa kekecapan palaku nu aya dina unggal carponna. Tina analisis pangabutuh dasar palaku utamana, panalungtik bisa nyindekkeun aspék kapribadian palaku utama nu aya dina unggal carponna. Tina masing-masing carpon, aspék kapribadian palaku utama nu kapanggih tangtuna béda-béda dumasar kana eusi carita dina masing-masing carpon. Aspék kapribadian palaku utama dina unggal carpon ngagambarkeun pasipatan palakuna anu saluyu jeung pasualan hirupna dina unggal carita.

Hasil analisis tina aspék kapribadian palaku utama, dipatalikeun kana faktor kapribadian nu mangaruhan palaku utama dina masing-masing carpon. Faktor nu mangaruhan kapribadian palaku utama nyaéta aya dua faktor, aya faktor internal jeung faktor éksternal. Tina tujuh judul carpon nu aya dina kumpulan carpon *Sangkakala*, kapanggih aya sababaraha faktor nu mangaruhan kana kapribadian palaku utama. Dumasar kana hasil analisis unggal carponna, faktor nu remen muncul nyaéta faktor éksternal nu loba mangaruhan kana kapribadian palaku utama dina unggal carpon. Sésana mangrupa faktor internal anu asalna timbul ti diri palakus utamana sorangan dina unggal carpon.

Dumasar kana sababaraha pedaran, bisa dicindekkeun yén kumpulan carpon *Sangkakala* miboga struktur carita anu lengkep tur gembleng. Aspék kapribadian unggal palaku utamana katitén dumasar aspék pangabutuh dasar manusa dina unggal caritana. Faktor nu mangaruhan kana kapribadian unggal palaku kapaluruh dina unggal caritana anu ngawengku faktor internal jeung faktor éksternal.

5.2 Implikasi

Struktur carita dina kumpulan carpon *Sangkakala* karya Cécép Burdansyah, bisa dipaké pikeun ngeuyeuban pangaweruh dina widang kasusastraan, hususna nu patali jeung karya sastra carpon. Aspék kapribadian palaku utama jeung faktor nu mangaruhan kapribadian palaku dina kumpulan carpon *Sangkakala*, bisa dipaké pikeun ngeuyeuban pangaweruh dina widang psikologi sastra, hususna psikologi humanistik, lantaran dina kumpulan carpon *Sangkakala* bisa katitén rupaning hal nu patali jeung unsur kajiwaan jeung kapribadian palaku anu bisa dijadikeun sarana pikeun mekarkeun élmu psikologi sastra.

5.3 Rékoméndasi

Ieu panalungtikan tangtu masih miboga kahéngkéran. Sok sanajan kitu, ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat pikeun pihak nu aya patalina jeung ieu panalungtikan. sabada ngalaksanakeun ieu panalungtikan, aya sababaraha rékoméndasi anu perlu ditepikeun ku panalungtik.

Ieu rékoméndasi ditujukeun pikeun sababaraha pihak nu aya patalina jeung ieu panalungtikan, nyaéta pikeun panalungtik satuluyna, pikeun masarakat, jeung pikeun guru-guru basa Sunda. Pikeun panalungtik satuluyna dipiharep ieu panalungtikan bisa dijadikeun tatapakan nu leuwih jembar sangkan widang kasusastraan Sunda leuwih dipikiwanoh hususna dina hubungan sastra jeung psikologi sastra sarta ieu panalungtikan bisa dimekarkeun deui widang nu séjénna. Pikeun masarakat, ieu panalungtikan bisa dijadikeun sarana pikeun ngamumulé budaya maca jeung ngeuyeuban pangaweruh dina widang kasusastraan Sunda. Pikeun guru-guru basa Sunda, ieu panalungtikan dipiharep bisa dijadikeun sarana pikeun ngalarapkeun tur ngawanohkeun karya sastra Sunda nu miboga ajén-ajén nu hadé.